

Hutatu hwaMwari



Jehova Mwari wedu ndiye mumwechete. Dotoronomio 6:4-5

Mateo 3:16-17 - *Rubhapatidzo RwaShe Wedu*

16 Jesu angobhabhatidzwa, akabuda mumvura. Panguva iyoyo denga rakazaruka, uye akaona Mweya waMwari uchiburuka senjiva uye ukasvikogara paari. 17 Inzwi rakabva kudenga richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinoda, wandinofarira.”

Johani 14:25-26 - *Chirairo ChaShe*

25 “Zvose izvi ndazvitaure ndichinemi. 26 Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uyo achatumwa naBaba muzita rangu, achakudzidzisa zvinhu zvose uye achakuyeuchidza zvinhu zvose zvandakareva kwamuri.

Mateo 28:19 - *Jesu anokwira kudenga*

Naizvozvo endai mudzidzise ndudzi dzose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene.

2 Vakorinde 13:14 - *Nyasha dzalshe Jesu Kristu*

14 Nyasha dzalshe Jesu Kristu, norudo rwaMwari, nokuwadzana kwoMweya Mutsvene ngazvive nemi mose.

1 Petro 1:1-2 - *Petro*

Petro, mupostori waJesu Kristu, Kuvasanangurwa vaMwari, vatorwa munyika, vakapararira muPondasi yose, neGaratia, neKapadhokia, Ezhia neBhitinia, 2 vakasarudzwa maererano nokuziva zviri mberi kwaMwari Baba, kubudikidza nebasa roMweya rokuvaita vatsvene, kuti vateerere kuna Jesu Kristu nokusaswa neropa rake: Nyasha norugare ngazviwande kwamuri.

Holy, Holy, Holy

by: Reginald Heber

Holy, holy, holy! Lord, God Almighty!
Early in the morning, our song shall rise to Thee;
Holy, holy, holy, merciful and mighty!
God in Three Persons, blessed Trinity!

Holy, holy, holy! Lord, God Almighty!
All Thy works shall praise Thy name
In earth and sky and sea.
Holy, holy, holy, merciful and mighty!
God in Three Persons, blessed Trinity!

Jehova Mwari wedu ndiye mumwechete.
Unofanira kuda Jehova Mwari wako nomwoyo wako wose,
nomweya wako wose, uye nesimba rako rose.
Dotoronomio 6:4-5

Hutatu hwaMwari

Nomusi weSvondo, tinonamata Mwari mukunaka kwavo. Kunongova naMwari wechokwadi mumwechete, Baba, Mwanakomana naMweya Mutsvene. SevaKristu, tinoshandisa shoko rokuti “Mwari vatatu.”

- 1. Ko zvinomborevei kuti Mwari vatatu?**
- 2. Verenga Dotoronomio 6:4. Kunongova naMwari mumwechete. Taura kuti unofanira kuda Mwari sei.**
- 3. Mwari muhutatu hwavo vaivapo pakubhapatidzwa kwaJesu. Verenga Mateo 3:16-17. Taura kuti mumwe nomumwe wevatatu ava aivapo sei.**
- 4. Pachirairo chaShe, Jesu akaudza vadzidzi vake kuti akanga achizobva kwavari munguva pfupi. Ko akati Mwari aizova sei navo mushure mekunge aenda?**
- 5. Ko Jesu akaudza vadzidzi vake kuti vasare vachiitei apo akakwira kudenga?**
- 6. Tinoshevedza Mateo 28:19 Kutumwa Kukuru. Ko Jesu anotiudza kuti tiende muzita raani?**
- 7. Verenga mashoko ewonekano ari muVakorinte 13:13. Vafudzi vazhinji vanofarira kupa mashoko awa pakunopera kweshumiro yesvondo. Ndeyapi maropafadzo anopiwa nemashoko awa?**
- 8. Vaverengi va1Petro 1:1-2 vakanga vari kutambudzwa nokuda kwekutenda kwavo. Vakamanikidzwa kusiya misha yavo. Ko kutambudzika kunobatsirira paradzirwa kweVhangeri sei?**